

Tata Pangibadah Brayat
Minggu, 2 Agustus 2020
GKJ Rewulu

SIH PIWELASIPUN GUSTI NDATENGAKEN BERKAH

(Pasamuwan Jumeneng)

VOTUM LAN SALAM

PS : Sumangga pangibadah punika kita senger kanthi pengaken :
Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi punika tusing
pitulungan kita. Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita
lan Gusti Yesus Kristus wonten ing panjenengan (kula) sadaya. Amin.

(Pasamuwan Lenggah)

KIDUNG PAMBUKA

KPJ 26:1-2 Pinuji Gusti

1. Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.

Reff :

Haleluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.

Haleluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.

2. Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanken sarira nebus manungsa

Reff :

PANGAKENING DOSA

PS : Pangandikanipun Gusti Bab Katresnan saking Efesus 2:10 ingkang
mekaten : “Marga kita iki titahe Gusti Allah, katitahake ana ing Sang

Kristus Yesus, supaya padha nglakoni panggawe becik kang kacawisake Gusti Allah sadurunge, minangka ambah-ambahan kita.”

Para sadherek kekasihipun Gusti, srana migatosaken pangandikanipun Gusti punika, cetha sanget anggen kita boten saged nindakaken katresnan kanthi sampurna, Punika nedahaken karingkihan kita minangka manungsa dosa. Pramila sumangga kita sowan Gusti ngakeni tuwin nelangsani dosa kita, kanthi pandonga pribadi. (PS mungkasi kanthi pandonga)

KIDUNG PANELANGSANING DOSA

KPJ 46:1-2 Awit Kathah Dosa Kula

1. Awit kathah dosa kula,
mila tansah kémengan
Gusti kang madhangi
manah myang tukung kabingahan
2. Mugi karsa angaksama
ing klepatan kawula
Tyas kula mugi dadosa
padaleman Paduka

PELADOSAN SABDA

- Pandonga Epiklese

PS : (Membacakan **Matius 14:13-21**)

“Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang sami mirengaken Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken, HALELUYA!”

U : (*menyanyikan*) Haleluya 12x

- Wedharing Sabda

Sih Piwelasipun Gusti Ndhatengaken Berkah

Matius 14: 13-21

Pasamuwan ingkang kinasih,

Punapa ingkang dados motivasi panjenengan saged andum berkah utawi ‘memberi’ kalian tiyang sanes? Mbok menawi wonten kathah motivasi

‘memberi’ utawi andum berkah. Wonten ingkang motivasinipun salah, contonipun badhe pamer, supados dipunanggep tiyang sanes, lsp. Ananging ugi wonten alasan utawi motivasi ingkang leres nggih punika wujud raos syukur lan salah setunggalipun malih nggih punika raos welas asih dateng tiyang sanes.

Kinten-kinten panjenengan ingkang pundi?

Wonten waosan kita ugi nelakekan bab WELAS ASIH nggih punika Sih Piwelasipun Gusti dateng tiyang kathah.

Waosan kita punika nelakaken bilih Gustu Yesus kanthi nitih prau tindak sumingkir wonten ing papan ingkang sepen utawi *mengasingkan diri* nalika Gusti Yesus mireng pawartos bilih Yokanan Pambaptis dipunsedani. Gusti Yesus saestu ngraosaken kaprihatosan ingkang lebet awit sedanipun Yokanan Pambaptis. Nalika Gusti Yesus tindak sumingkir, malahan kathah tiyang ingkang sami mangertosi bab Gusti Yesus lajeng sami nyusul Gusti Yesus. Miyosipun mboten saking lautan ananing saking daratan. Wonten ing raos kaprihatosan ingkang dipunraosaken Gusti Yesus awit sedanipun Yokanan Pambaptis punika, penggalhipun trenyuh lan tetep kagungan Sih Piwelas dumateng tiyang kathah punika. Wonten ingkang sakit, kaluwen, lan mbetahaken pitulungan. Lan Gusti Yesus nelakaken sih piwelasipun dateng tiyang ingkang sakit punika kanthi nyarasaken tiyang ingkang sakit. Lan wonten ing wanci ndalu, para sakabatipun Gusti Yesus punika sowan wonten ngarsanipun Gusti Yesus, nyenyuwun supados Gusti Yesus dhawuh dateng tiyang kathah punika sami tumbas tetedan wonten ing dhusun-dhusun. Awit para sakabat punika menggalih kados pundi supados tiyang kathah punika mboten sami keluwen, awit para sakabat punika mboten sami mbeta tetedan utawi sangu ingkang cepak kangge tiyang kathah. Ananging Gusti Yesus ngendika : “Ora usah padha lunga, kowe wae padha menehana mangan” (Ayat 16). Ananging para sakabat namung gadah gangsal roti lan kalih ulam lan sami dipunaturaken dateng Gusti Yesus wujud raos syukuripun para sakabat.

Mirsa bab punika lajeng Gusti Yesus nindakaken Sih Piwelasipun dateng para sakabat lan tiyang kathah punika kanthi mberkahi gangsal roti lan kalih ulam punika. Gusti Yesus tumenga marang ing langit lan ndedonga nyuwun berkah, tumuli rotine dicuwil-cuwil diparingake dateng para sakabat lan para sakabat ngedum dateng tiyang kathah punika. Sedaya tiyang sami nampi lan dhahar, ngantos sami tuwuk. Langkung-langkung taksih wonten turahan,

diklumpukake dados kalih welas (12) wakul kebak. Ingkang sami nedha kala wau punika cacahipun 5000 tiyang kakung, dereng tiyang estri lan bocah dereng kaetang. Punika nelakaken bilih ingkang dados kabetahanipun manungsa, Gusti paring, langkung-langkung maluber-luber.

Mila saking pangandikanipun Gusti punika kita saged sinau kados pundi Gusti Yesus paring Sih Piwelasipun dateng para sakabat lan tiyang kathah punika ingkang ndatengaken berkah. Gusti Yesus mujudaken preduli lan welas asih dateng manungsa. Cetho saking waosan kita nggih punika kalih perangan anggenipun Gusti Yesus mujudaken Sih Piwelasipun. **Ingkang sepisan**, nggih punika nyarasaken tiyang kathah ingkang nandang sakit. Gusti Yesus ngraosaken trenyuh ingkang lebet, mila Gusti nyarasaken tiyang sakit. **Ingkang kaping kalih**, nggih nalika Gusti mberkahi gangsal roti lan kalih ulam kanthi dedonga lajeng roti lan ulam punika dados kathah lan saged nyekapi kabetahanipun tiyang kathah lan para sakabat malahan ngantos maluber-luber.

Pasamuwan ingkang kinasih,

Kita pitados bilih awit Sih Piwelasipun Gusti, Gusti paring berkah kacekapan langkung-langkur maluber-luber wonten ing gesang kita. Ananging wonten setunggal perangan ingkang kedah kita gatosaken nggih punika bab rela andum berkah utawi memberi.

Wonten ing waosan kita sinten ingkang rela nyaosaken ulam kalian roti? Nggih para sakabat. Menawi para sakabat mboten nyaosaken roti kalian ulam punika temtu cariyosipun benten, mboten wonten mujizat ingkang dipundamel Gusti Yesus tiyang kathah punika mbok menawi ngantos keluwen.

Mila bab ingkang wigati :

1. Mboten namung remen nampi sih piwelasipun Gusti ananging ugi saged nindakaken sih piwelas dateng tiyang sanes kanthi andum berkah utawi memberi kanthi rela. Awit nalika kita saged andum berkah kanthi rela saestu punika datengaken berkah dateng tiyang kathah. Memberi utawi andum berkah punika kathah ingkang saged kita lampahi. Andum berkah dateng tiyang ingkang kekirangan, andum berkah kanthi kawigatosan dateng tiyang sanes, mboten namung gatosaken diri kita piyambak, andum berkah kathi preduli kalian kaowntenanipun tiyang sanes. Punika saestu datengaken berkah dateng tiyang sanes lan diri kita piyambak.

2. Dasaripun utawi motivasinipun andum berkah nggih punika katresnan. Motivasinipun punika raos syukur kita dumateng Gusti Allah, mboten pamer napa malahan supados dialem tiyang sanes.

3. Ampun kuwatos kekirangan menawi kita andum berkah dateng tiyang sanes. Awit saking panguaosipun Gusti Allah piyambak ingkang paring berkah kacekapan dateng gesang kita.

Mila para sedherek, kedahipun saestu kita tansah ngaturaken syukur kita wonten ngarsanipun Gusti awit Sih Piwelasiipun Gusti dateng kita, kanthi kita ugi saged mujudaken sih piwelasiipun Gusti wonten ing gesang kita kanthi rela andum berkah dateng tiyang sanes kanthi dasar raos syukur kita dumateng Gusti Allah. Ampun kuwatos kekirangan, Gusti piyambak ingkang paring kacekapan. Amin.

- Wekdal Ening

- Pandonga syukur nampi Sabda lan pancawisan Sakramen Bujono

SAKRAMEN BUJONO

Pasamuwan ingkang dipun Kasihi déning Gusti Yesus Kristus,
Kados ingkang sampun kawartosaken ing pawartos Pasamuwan, bilih ing pangibadah punika kita badhé nampi Sakramèn Bujana, minangka sarana pangrimating kapitadosan. Peladosan Sakramèn Bujana kadhasaran bujana ing wanci dali dungkap Gusti Yesus Kasalib.

Wonten ing bujana punika Gusti Yesus mundhut roti, lajeng kacuwil-cuwil sarta maringaken roti wau dhateng para murid kanthi ngendika,
“Iki badanKu kang kaparingake marga saka kowe. Iki tindakna minangka pangeling-eling marang Aku!” Mengkono uga tuwunge sawise dhaharan, pangandikane :”Tuwung iki prajanjian anyar kang sarana getihKu, kang kawutahake marga saka kowe.”*

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yesus Kristus,

1. Minangka sarana pangrimating kapitadosan, Sakramen Bujana ngemu suraos: Roti lan anggur minangka lambanging sarira tuwin rahipun Gusti Yesus, nedahaken tuwin ngènetaken, bilih penyaliban tuwin sèdanipun Gusti Yesus dados dhasaring pakaryanipun Allah anggènipun milujengaken manungsa.

2. Srana nedha sesarengan, nedahaken tuwin ngènetaken, bilih tiyang-tiyang pitados mujudaken kulawarganing Allah.
3. Sakramèn Bujana nedahaken tuwin ngènetaken dhateng bujana ingkang sampurna ing swarga minangka wujud sampurnaning kawilujengan.
4. Srana nedha roti tuwin ngombé anggur ing tuwunging bujana, nedahaken tuwin ngènetaken dhateng bab martosaken sédanipun Gusti Yesus dumugi rawuhipun.

Pitakénan kanggé ndadar dhiri pribadi

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yesus Kristus,

Sadèrèngipun nampèni Sakramen Bujana punika, sumangga kita ndadar dhiri kita piyambak-piyambak langkung rumiyin srana pitakèn dhateng dhiri kita mekaten:

1. Punapa kita saestu rumaos lan ngakeni kawontenan kita ingkang mboten wilujeng karana dosa kita, lan bilih kita mboten kuwagang ngluwari dhiri kita piyambak, pramila mbetahaken Juru Wilujeng ingkang kagungan pangwaos nguwalaken saking kawontenan punika?
2. Punapa kita saestu mretobat lan masrahaken dhiri kanthi yakin dhateng Gusti Allah, ingkang maringaken kawilujengan dhateng manungsa lambaran sèda tuwin wungunipun Gusti Yesus?
3. Punapa kita saestu gadhah tèkad ingkang temen kangge masrahaken dhiri kita amrih saged gesang manut pangandikanipun Gusti Allah?
4. Punapa kita saestu gadhah tèkad nglampahi gesang kanthi raos sukur karana sih-rahmat pakaryaning Allah ingkang milujengaken?

(Saksampunipun ngraos-ngraosaken pitakenan punika, sumangga kita sami ndadar diri kita piyambak-piyambak)

Kula abdining Allah nandhesaken, bilih Bujana Suci kacawisaken tumrap manungsa ingkang pasrah dhateng Gusti Yesus kanthi nggetuni dosanipun, sarta nyuwun pitulunganipun Gusti Allah, murih saged nglampahi sedaya dhawuhipun.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yesus Kristus,

Sumangga kita ndedonga,

Dhuh Gusti mugi wontena kepareng Paduka ngagem Sakramèn Bujana punika dados srana pangrimating kapitadosan kawula sedaya ngantos kawula sami tansah yakin dhateng pakaryaning Allah ingkang milujengaken, ingkang

kaparingaken dhateng kawula wonten ing Gusti Yesus Kristus, sarta tansah gadhah pangajeng-ajeng dhateng bujana ingkang sampurna wonten ing swarga, minangka kasampurnaning kawilujengan. Amin.

(Pendhita mandhap saking mimbar ngladosi Sakramen Bujana)

KPJ 301:1 Bujono Suci

Bujana suci punika kawula yakini
sanyata sariranta, roti gesang
ingkang Paduka paringaken,
rejeki saking swarga,
sumbering gesang langgeng

Reff :

Kawula aturpanuwun, wit tetedhan punika;
mugi kula kasagedna dados seksi Paduka.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yesus Kristus,
Roti tuwin anggur punika lambanging sarira tuwin rahipun Gusti Yesus Kristus
ingkang kakurbanaken kanggé ndhatengaken kawilujengan.

Sadèrèngipun nampèni roti tuwin anggur ing salebeting Sakramèn Bujana
punika, sumangga kita ngeningaken manah kanggé ngènet-ènet Gusti Yesus
wonten ing kamulyanipun ing swarga, sarta nemtokaken bilih gesanging
kapitadosan kita tansah dipun rimati sarta dipun segeraken, kadosdéne roti
tuwin anggur ingkang saged nyegeraken badan kita.

Pandhita nyuwil-nyuwil roti sarta lajeg maringaken roti wau dhateng
warganing Pasamuwan. Salebetipun nyuwil-nyuwil roti, Pendhita ngendika,

Roti ingkang kacuwil-cuwil punika minangka lambanging sariranipun Gusti
Yesus Kristus. Sumangga sami penjenengan tampeni lan panjenengan dhahar,
kanthi ngengeti lan pitados bilih sariranipun Gusti Yesus Kristus sampun
kinurbanaken dados tebusan ingkang sampurna kangge ngluwari kita saking
dosa.

KPJ 314:1 Wonten Ing Bujono Swarga

Wonten ing bujana swarga tahsih langkung panggenan.
Angger tyang dosa mratobat, mesthi nggih sinuruhan.

Gusti ngutus pra abdinya ngundangken ing sajagad
dhateng sawarnining jalma kang ngrumaosi cacad.
" Rungokna! Neng swarga, isih luwih panggonan.
Wong dosa, mareka! Sira kang sinuruhan."

Anggur ingkang wonten ing tuwung punika minangka lambanging rahipun Gusti Yesus Kristus. Sumangga sami panjenengan tampeni lan panjenengan unjuk, kanthi ngengeti lan pitados bilih rahipun Gusti Yesus Kristus sampun kawutahaken dados tebusan ingkang sampurna kangge ngluwari kita saking dosa.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yesus Kristus,
Sumangga kita ngaturaken panuwun sarta ngluhuraken Gusti Allah ingkang marengaken kula sedaya nampeni Sakramen Bujana ing wekdal punika, sarta kula setunggal-setunggal mosika ing salebeting manah mekaten,

Pendhita nuntun atur panuwun wau mekaten

Dhuh nyawaku, saosa puji marang Pangeran Yehuwah! He isining batinku kabèh memujia marang asmané kang suci! Dhuh nyawaku, saosa puji marang Pangeran Yehuwah, lan aja lali marang sakèhing kasaénané! Panjenengané kang ngapura sakèhé kaluputanmu lan maluyakaké sakèhé lelaramu. Kang ngentas uripmu saka ing kubur, lan makuthani kowé klawan kadarman lan kawelasan, kang maregi kekarepanmu kalawan apa kang becik, temah kowé kaenomaké manèh kaya manuk garudha.**

Pangeran Yehuwah iku ambek welasan lan ambek asih gedhé sabaré lan lubèr sih-susetyané, ora tansah ndedukanni, énggoné duka ora sing salawasé. Kang katandukaké marang kita, ora timbang karo dosa kita, énggoné paring piwales marang kita, ora ing saboté kaluputan kita; nanging sepira dhuwuré langit ngungkuli bumi, iya semono gedhene sih-kadarmané tumrap kang ngabektimarang panjenengané; sepiro dohé wétan saka ing kulon, iya semono enggoné nebihaké panerak kita saka ing kita. Kayadéné bapa énggoné duwé piwelas marang anak-anaké, iya kaya mengkono Yehuwah énggoné paring piwelas marang para wong kang ngabekti marang panjenengané.***

Mulane aku arep tansah nyritakake puji kamulyaning Pangeran ing samengko tumeka ing salawas-lawase. Amin,

ATUR PISUNGSUNG

P3 : Sumangga kita sami ngaturaken pisungsung dhumateng Gusti, kita dhasari pangandikanipun Gusti ingkang sinerat wonten ing **1 Tawarikh 29:14** ingkang mekaten : *“Amargi sinten ta kawula punika saha punapa ta bangsa kawula punika, dene kawula sami saged ngunjukaken pisungsung manasuka kadosdene sapunika punika? Awit saking Paduka pinangkanipun samukawis sadaya saha inggih saking asta Paduka piyambak pinangkanipun pisungsung ingkang sami kawula unjukaken dhumateng Paduka punika.”*
Kempaling pisungsung, sinarengan repeking KPJ 165:1-2 KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG.

KPJ 165:1-2 KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG

(1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,
mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran,
kamulyaning Pangéran

(2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,
mrih sesami baduki, nampèni sihing Gusti
nampèni sihing Gusti

PANDONGA PISUNGSUNG LAN SYAFAAT (P3)

- * Pandonga Pisungsung
- * Pasamuwan saged adaptasi wonten ing tata kehidupan utawi kebiasaan baru
- * Sedaya umat kaparingan kasarasan jasmani lan rohani
- * Bangsa lan Negari
- * Tim Medis
- * Pasien Covid-19 lan brayat pasien Covid-19
- * Donga Rama Kawula

PANGAKEN PITADOS (P2) (*jumeneng*)

KIDUNG PANGUTUSAN

KJ 424:1 Wonten Satunggal Panggenan

1. Wonten satunggal pangge'nan,o, iba e'ndahnya;

rinengga kidung kasukaan, o, iba e'ndahnya!

Ngriku tan wonten panggodha, tan wonten susah sungkawa
kang wonten mung suka rena. O, iba e'ndahnya

Berkat

PS :Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kula sedaya)
lan ngayomi panjenengan (kula sedaya).
Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng
panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat.
Pangeran Yehuwah karsa nungkulaken cahyaning wedananipun
dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu. Amin

KIDUNG PANUTUP

KPJ 424:2 Wonten Satunggal Panggenan

2. Ngrika tan wonten pagiris, o, iba nikmatnya!

Wah datan wonten panangis, o, iba nikmatnya!

Tan pisan wonten congkrahan, nging tansah tresna tinresnan,

kalawan ngunggung Pange'ran, o, iba e'ndahnya!